

Enfòmasyon sou Sondaj Fanmi NCSEAM la

Chè fanmi yo,

Sondaj Fanmi NCSEAM, ke yo konn rele tou Sondaj Fanmi EI, distribiye chak ane nan mwa mas ak oktòb. Sondaj la itilize pou kolekte enfòmasyon sou eksperyans fanmi yo fè kòm rezilta patisipasyon yo nan entèvansyon bonè (EI). Nou ankouraje fanmi yo ranpli **yon sondaj** chak 12 mwa. Nan tan lontan, kowòdonatè sèvis yo te bay fanmi yo sondaj la men nan men. Etandone founisè sèvis sante yo pa t fè vizit kay fanmi yo nan mwa oktòb 2020, pa gen okenn sondaj ki te distribiye.

Depi mwa mas 2021, Sondaj sou Fanmi yo disponib sou entènèt. Si pitit ou a te enskri nan Entèvansyon Bonè (EI) pou omwen sis (6) mwa, ou ka elijib pou pataje kòmantè ou yo lè ou ranpli yon sondaj. Si ou kalifye, pwogram EI ou ap ba ou yon kòd itilizatè inik pou konekte sou sesyon an epi ranpli sondaj la. Tanpri ranpli li epi peze “**Soumèt**” lè w fini.

Repons ou yo pral ede Depatman Sante Piblik ak pwogram EI an amelyore sèvis pou fanmi ou ak pou lòt fanmi yo tou.

Ou ta vle konnen plis **sou rezilta fanmi an**? Ki sa yo ye, kijan yo mezire rezilta yo ak itilize yo? Si w enterese, klike sou lyen ki anba a. Li pral mennen ou nan sit entènèt Pwojè Gouvènans Paran pou Entèvansyon Bonè kote ou ka jwenn enfòmasyon sa a.

Nou di ou mèsi dèske ou kòmante eksperyans ou. Li gen anpil valè pou nou!

[Aprann plis sou rezilta yo](#)